



Eta New York  
**KOMISYON KONPANSASYON TRAVAYÈ**  
**OTORIZASYON MOUN KI MANDE KONPANSASYON POU DIVILGE**  
**DOSYE KONPANSASYON TRAVAYÈ**  
(Dapre Seksyon 110-a Lwa sou Konpansasyon Travayè)

**TANPRI METE REPONS POU TOUT KESYON YO. YON FÒM KI PA BYEN RANPLI AP LAKÒZ RETA POU YO TRAVAY SOU DEMANN OU.**

Non Moun ki Mande Konpansasyon	Nimewo Sekirite Sosyal Moun ki Mande Konpansasyon	Nimewo Dosye <input type="checkbox"/> WCB <input type="checkbox"/> DB <input type="checkbox"/> Diskriminasyon ak/oswa Dat Aksidan an
--------------------------------	---	--

SI GEN OTORIZASYON POU DIVILGASYON POU LÒT DOSYE (YO), IDANTIFYE ANBA LA A DAPRE NIMEWO DOSYE WCB/DB/DC AK/OSWA DAT AKSIDAN AN (YO)

**MOUN KI MANDE KONPANSASYON AN GEN ENTÈDIKSYON POU BAY OTORIZASYON POU DIVILGE ENFÒMASYON SOU KONPANSASYON TRAVAYÈ BA FITI PATWON YO OSWA ANRAPÒ AVÈK EVALYASYON ETA FIZIK OSWA POSIBLITE POU TRAVAY.**

**EKSPLIKASYON:**  
**Soumèt orijinal fòm nan ba Komisyon Konpansasyon Travayè a, epi konsève yon kopi pou dosye ou. Otorizasyon pou divilgasyon dosye pou sèten rezon pa valab anba lalwa. Gade ekstrè Seksyon 110-a ki deyè fòm sa a. Otorizasyon sa ap rete anvigè jouk lè moun ki mande konpansasyon an anile li. Moun ki mande konpansasyon an ka anile otorizasyon sa a nenpòt kilè depi li bay Komisyon Konpansasyon Travayè yon avi alekri pou sa.**

OTORIZASYON SA A PA BA OU PÈMISYON POU LOUVRI YON KONT eCASE APA OSWA POU WÈ DOSYE NAN eCASE DEYÒ YON BIWO KOMISYON AN.

Dapre Seksyon 110-a Lwa sou Konpansasyon Travayè, Mwen, \_\_\_\_\_, Non Moun ki Mande Konpansasyon  
 fè konnen mwen se yon moun ki/te konsène nan dosye (yo) Konpansasyon Travayè ki endike anwo a, epi mwen bay Komisyon Konpansasyon Travayè otorizasyon pou diskite sou dosye Konpansasyon Travayè ki endike anwo a epi/oswa pou divilge yon kopi dosye ki endike anwo a ba \_\_\_\_\_, a  
 \_\_\_\_\_, a  
 Non yon Moun, Sosyete, Asosyasyon oswa Enstitisyon Piblik oswa Prive Espesifik

Adrès  
Mwen rekonèt moun ki mande konpansasyon ka gen obligasyon pou peye yon frè obligatwa anvan Komisyon Konpansasyon Travayè bay li kopi dosye sa yo.

\_\_\_\_\_  
Siyati Moun ki Mande Konpansasyon an (avèk plim sèlman – itilize plim ble ki gen biy, si li posib) \_\_\_\_\_  
Dat

Si ou pa bay enfòmasyon yo mande nan fòm sa a, sa p ap lakòz ou jwenn refi pou otorizasyon ou, men sa ap lakòz reta pou travay sou demann ou. Si ou bay nimewo sekirite sosyal ou avèk volonte ou sa ap pèmèt Komisyon an asire enfòmasyon yo asosye avèk reklamasyon ou, epitou sa ap pèmèt Komisyon an yo pran yon desizyon rapid sou demann ou.

Dapre Seksyon 110-a Lwa sou Konpansasyon Travayè:

3. Otorizasyon endividyèl. Menmsi gen restriksyon sou divilgasyon ki endike anba sou-divizyon en seksyon sa a, yon moun ki konsène nan yon dosye konpansasyon travayè ka bay otorizasyon pou divilge, re-divilge, oswa pibliye dosye li ba yon moun espesifik ki pa gen otorizasyon pou resevwa dosye a. Poutèt sa, moun sa a dwe soumèt otorizasyon alekri pou divilgasyon ba komi-syon an sou yon fòm prezidan an enpoze oswa avèk yon otorizasyon orijinal notarye ki mande komi-syon an espesyalman pou divilge dosye konpansasyon travayè a ba moun nan. Men, dapre seksyon san vennsenk atik sa a, okenn otorizasyon ki mande divilgasyon dosye yo ba yon fiti pat-won ba dwe valab; ni yon otorizasyon ki bay pèmisyon pou divilge dosye anrapò avèk evalyasyon eta fizik oswa mwayen pou travay pa dwe valab, epitou yo pa dwe divilge dosye yo dapre atik sa a. Gen entèdiksyon pou nenpòt moun pou konsidere pou rezon evalyasyon kalifikasyon pou yon avantaj, oswa kòm baz yon aksyon ki konsène travay, si moun nan pa bay otorizasyon anba sou-divizyon sa a.

4. Gen entèdiksyon pou nenpòt moun ki pa t jwenn kopi dosye komi-syon an oswa enfòmasyon ki ka idantifye moun nan apa nan dosye komi-syon an pou divilge enfòmasyon sa yo ba nenpòt moun ki gen dwa legal pou jwenn dosye sa yo.

5. Si yon moun ki konnen li fè espre pou jwenn dosye konpansasyon travayè ki gen enfòmasyon ki ka idantifye travay a anba fo rezon, oswa si moun nan vyole seksyon sa a, moun sa a ta dwe koupab pou yon deli klas A, epi li ta dwe jwenn kondanasyon, pou peye yon amann ki pa depase mil dola.

6. Anplis oswa alapas nenpòt pwosedi kriminel ki disponib anba seksyon sa a, si dwe gen yon vyolasyon seksyon sa a, pwokirè jeneral la ka fè aplikasyon sou non pèp eta New York nan yon tribinal oswa avèk jij ki gen jiridiksyon nan yon pwosedi espesyal pou fè yon rekòmandasyon fòmèl, epi dapre avi yo voye ba moun ki akize a nan mwens pase senk (5) jou, pou entèdi ak redui kontinyasyon vyolasyon yo; epi si tribinal la oswa jij la konstate moun ki akize a te vyole seksyon sa a, tribinal la oswa jij la ka bay yon rekòmandasyon fòmèl, pou entèdi ak limite nenpòt lòt vyolasyon, san yo pa mande prèv ki montre nenpòt moun te pran chòk oswa domaj toutbon. Nan yon pwosedi konsa, tribinal la ka fè alokasyon ba pwokirè jeneral la jan sa endike nan para-graf sis sou-divizyon (a) seksyon uit mil twa san twa lwa ak règ pratik sivil, ak restitasyon dirèk. Kèlkeswa lè tribinal la dwe detèmine si te gen yon vyolasyon seksyon sa a, tribinal la ka enpoze yon sanksyon sivil ki p ap depase senk san dola pou premye vyolasyon an, epi pa plis pase mil dola pou dezyèm vyolasyon an ak pou vyolasyon ki fèt apre nan yon peryòd twazan. Anrapò avèk nenpòt aplikasyon ki pwopoze, pwokirè jeneral la gen otorizasyon pou pran prè, epi pou fè yon detèminasyon enfòmasyon enpòtan yo, epitou pou bay lòd pou prezante nan tribinal dapre lwa ak règ pratik sivil.

OC-110AH (10-12) Dèyè